

Rakonte istwa

Lè w pare pou pataje istwa yon moun, men kesyon pou poze tèt ou.

Èske w gen pèmisyon pou bay istwa sa a?

- Èske w te jwenn pèmisyon nan men moun lan pou fè antrevi ak li? Itilize non li (prenon ak siyati, inisyal oswa alyas)? Pou pran foto oswa videyo li? Si moun lan gen mwens pase 18 ane, èske w gen pèmisyon gadyen an?
- Èske w te dekri bay moun lan potansyèl konsekans pataj istwa li an (atansyon nan laprès li pa vle, reyaksyon negatif apati piblik jeneral lan oswa kominote an, konsekans pwofesyonèl oswa jiridik, elatriye.)?
- Èske w te prepare moun sa a sou fason pou li pi byen jere konsekans negatif yo?
- Èske w te dekri bay moun sa a kijan ak kilè istwa li an ap pataje?
- Ki kalite pèmisyon ou bezwen? Alekri? Vèbal? Gade [la](#) pou yon fòmilè echantyon.

Èske moun w ap prezante an se pi bon chwa a pou istwa ou an?

- Kijan m ap reprezante moun sa a? Èske mwen p ap tonbe nan okenn kliche sou idantite?
- Èske itilizasyon mwen fè ak istwa oswa imaj moun sa a ap pote avantaj pou li, oswa senpman pou òganizasyon mwen an?
- Kijan moun ki prezante an ta dwe santi l si li te wè kijan imaj oswa pawòl li ap itilize nan kontèks?
- Èske mwen enplike moun sa a nan fason apwopriye nan travay politik ak defans lan tou?
- Èske pataj istwa lakoz chòk pou moun sa a? Èske mwen anmezi ofri soutyen?

Èske ou te verifye istwa moun sa a?

- Èske w te egzamine rezo sou entènèt/sosyal li pou konprann enfòmasyon ki pibliye sou li? Èske gen enfòmasyon sou li ki pral swa nui li yon fwa yo pale piblikman oswa afebli mesaj ou an oswa kredibilite òganizasyon ou an?
- Èske w konnen tout rezon moun sa a genyen pou l pataje istwa li? Èske motivasyon li diferan avè pa ou?
- Si moun lan fè referans ak evennman oswa moun, èske w ka verifye si deklarasyon sa yo vre? Kisa konsekans yo ye dèske gen referans ak senaryo oswa moun, nan ka deklarasyon moun lan pa verite?
- Èske w ap fè konplo anba anba sou moun sa a e ou ta dwe verifye sipozisyon sa yo?

